

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. métodeu déskriptif. Patali jeung éta pamarekan, métodeu anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif. Tujuan utama tina ieu désain panalungtikan nyaéta pikeun mantuan panalungtik nyingkahan data anu taya patalina jeung masalah panalungtikan.


3.1 Désain Panalungtikan

Dina enas-enasna, désain panalungtikan téh nyaéta rarancang aksi panalungtikan (*action plan*) nu mangrupa runtuyan kagiatan nu sistematis jeung logis, anu ngahubungkeun antara masalah panalungtikan nu baris dijawab jeung kacindekan nu mangrupa jawaban tina masalah panalungtikan. Desain panalungtikan téh mangrupa prosés anu diperlukeun dina nyusun rencana panalungtikan pikeun ngajawab pasualan dina panalungtikan. (Arikunto, 2010, kc. 175).

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif. Moleong (2013) ngadéfinisikeun panalungtikan kualitatif téh mangrupa panalungtikan anu boga tujuan pikeun maham fénoména anu dialaman ku subjek panalungtikan, contona palaku, persepsi, motivasi, tindakan, jeung sajabana. Sacara holistik, ieu panalungtikan ngajelaskeun dina wangun kekecapan jeung basa dina kontéks anu husus jeung alamiah, ngagunakeun rupa-rupa métode ilmiah.. Panalungtikan kualitatif meredih panalungtik sangkan ngawangun hiji gambaran anu kompléks jeung holistik, nganalisis kekecapan, opini, jeung informasi anu dicangking ti informan (subjék) dina latar situasi nu alamiah (*natural setting*) jeung midangkeun éta hal dina hiji laporan.


Luyu jeung éta pamarekan, métodeu anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif. Métodeu panalungtikan mangrupa cara anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. (Arikunto, 2010, kc. 150). Sugiyono (2012, kc. 2) ogé ngajelaskeun yén métodeu panalungtikan téh sabenerna mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data anu dipaké pikeun tujuan jeung

kagunaan nu tangtu. Sedengkeun ari panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu dilarapkeun kana variabel mandiri kalawan teu nyieun babandingan atawa hubungan jeung variabel séjén, ku kituna variabel anu ditalungtik miboga sipat mandiri (Abubakar, 2021). Tujuan tina panalungtikan déskriptif nyaéta pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan status hiji gejala nu aya, nyaéta kaayaan saujuratna dina waktu lumangsungna panalungtikan tanpa miboga maksud nyieun kacindekan nu dilarapkeun sacara umum atawa generalisasi (Hikmawati, 2020). Rarancang desain panalungtikan anu baris dilakukeun kagambar dina Bagan 3.1 di handap.



Bagan 3. 1 Désain Panalungitkan

3.2 Lokasi, Data, jeung Sumber Panalungtikan



Gambar 3. 1 Lokasi Panalungtikan Kecamatan Buahdua 2025

Lokasi dina ieu panalungtikan nyaéta di wilayah Kecamatan Buahdua, Kabupatén Sumedang, Jawa Barat. Dina panalungtikan kualitatif data biasana mangrupa kalimah-kalimah jeung hasil wawancara tina studi lapangan (Fiantika spk., 2022, kc. 21). Ku kituna data dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa unsur semiotik jeung étnopedagogik anu patali jeng kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang.

Arikunto (2010, kc. 172) ngabagi sumber data kana *3P*, nyaéta: *person* (jalma), *place* (tempat), jeung *paper* (dokumén). *Person* (jalma) nyaéta sumber data nu bisa méré data nu mangrupa data Jawaban lisan nalika wawancara. *Place* (tempat) nyaéta lokasi tempat panalungtikan lumangsung. Pamungkas, *paper* (dokumén) nyaéta sumber data nu mangrupa dokumén anu ngarojong kana kacangkingna data anu dipiharep dina hiji panalungtikan.

Sumber data nyaéta subjék anu ngahasilkeun éta data (Arikunto, 2010, kc. 129). Sumber data bisa waé asalna tina tempat atawa lokasi panalungtikan, ogé ti manusa anu mibanda peran dina éta kajadian, jeung dokumén anu nyampak.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kuda jeung nu bogana, nayaga, sinden/juru kawih, jeung masarakat anu mibanda raga katineung kana seni kuda rénggong di Kabupaten Sumedang. Sumber data anu dicangking divalidasi deui ngaliwatan studi dokuméntasi tina dokumén sajarah jeung dokumén ilmiah sangkan miboga tingkatan reliabilitas anu bisa ditarima sacara umum.

Tabél 3. 1 Data Réspondén jeung Informan Palaku Seni

No.	Foto	Data Réspondén jeung informan
1.		Wasta : Didi TTL : Sumedang, 07-07-1962 Alamat : Cikurubuk Pendidikan : SD Agama : Islam Pakasaban : Padagang Kalungguhan : Nayaga

No.	Foto	Data Réspondén jeung informan
2.		Wasta : Yudi TTL : 41 Tahun 1982 Alamat : Parigi Pendidikan : SD Agama : Islam Pakasaban : Pedagang Kalungguhan : Nayaga
3.		Wasta : Lia Yulawati TTL : Sumedang, 29-12-1984 Alamat : Desa Hariang Pendidikan : SMP Agama : Islam Pakasaban : IRT Kalungguhan : Sindén/Juru Kawih
4.		Wasta : Mista TTL : 1956 Alamat : Desa Citaleus Pendidikan : SD Agama : Islam Pakasaban : Tani Kalungguhan : Nu Kagungan Kuda
5.		Wasta : Kevin TTL : 42 Tahun Alamat : Pasir Ipis Pendidikan : SMA Agama : Islam Pakasaban : Wiraswasta Kalungguhan : Nu Kagungan Kuda

No.	Foto	Data Réspondén jeung informan
6.		Wasta : Abah Subarna TTL : 70 Taun Alamat : Desa Géndéréh Pendidikan : SD Agama : Islam Pakasaban : Tani Kalungguhan : Pamingpin Grup Kuda
7.		Wasta : Abah Aad TTL : 60 taun Alamat : Desa Hariang Pendidikan : SD Agama : Islam Pakasaban : Tani Kalungguhan : Pamingpin Grup Kuda
8.		Wasta : Momo Rukmana TTL : 50 Taun Alamat : Desa Mekarmukti Pendidikan : SMP Agama : Islam Pakasaban : Tani Kalungguhan : Pamingpin Grup Musik
9.		Wasta : Siti TTL : 38 Taun Alamat : Desa Mekarmukti Pendidikan : SMP Agama : Islam Pakasaban : IRT Kalungguhan : Sindén/Juru Kawih

Tabel 3. 2 Data Réspéndén jeung Informan Warga Masarakat

No.	Foto	Data Réspéndén jeung Informan
		Wasta : Nurhayati TTL : 6 Agustus 1980 Alamat : Ciliang Pendidikan : SMP Agama : Islam Pakasaban : IRT Kalungguhan : Warga Masarakat
		Wasta : Cucun Sumiyati TTL : 21 Maret 1982 Alamat : Ciliang Pendidikan : SD Agama : Islam Pakasaban : IRT Kalungguhan : Warga Masarakat
		Wasta : Tating Suharyati Umur : Sumedang, 24-12-1982 Alamat : Ciliang Pendidikan : SMA Agama : Islam Pakasaban : IRT Kalungguhan : Warga Masarakat

No.	Foto	Data Réspondén jeung Informan
		Wasta : Cicih TTL : 50 taun Alamat : Ciliang Pendidikan : SMA Agama : Islam Pakasaban : IRT Kalungguhan : Warga Masarakat

3.3 Téknik Panalungtikan

Téknik anu dipaké dina panalungtikan ieu dibagi kana dua, nya éta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data. Dua téknik ieu dipaké lantaran kabutuh panalungtik pikeun ngumpulna data, anu satuluyna dianalisis.

3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data mangrupa cara nu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu diperlukeun pikeun ngajawab masalah panalungtikan (Abubakar, 2021, kc. 67). Dina panalungtikan kualitatif, téknik ngumpulkeun data miboga sipat téntatif sabab dina makéna éta téknik gumantung kana kontéks masalah atawa gambaran data anu baris dicangking (Harahap, 2020). Ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha téknik dina ngumpulkeun datana, nya éta téknik observasi partisipan, téknik wawancara, jeung téknik studi pustaka.

1) Téknik Observasi Partisipan

Observasi mangrupa salasahiji téknik ngumpulkeun data panalungtikan ku cara niténan langsung ku pancaindera. Panalungtik tuluy nyieun laporan dumasar naon anu ditingali, dipirsa, jeung dirasakeun salila observasi. Ari observasi partisipan dilakukeun nalika panalungtik kalibet langsung dina hiji kajadian atawa hiji komunitas anu ditalungtik (Fiantika spk., 2022, kc. 22). Dina ieu panalungtikan, panalungtik turun langsung ka lapangan pikeun nyangking data panalungtikan, tegesna ka palaku seni kuda rénggong di Kabupaten Sumedang.

2) Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara ngajukeun patalékan ka informan ngeunaan topik panalungtikan sacara langsung (Rita, 2022). Ieu téhnik digunakeun sangkan bisa meunangkeun data sacara jero jeung jéntré ngeunaan objék nu baris ditalungtik. Emzir (2011, kc. 51) nétélakeun tilu jenis wawancara dumasar kana wangun patalékanana, nyaéta (1) wawancara tertutup, nyaéta wawancara kalawan ngajukeun patalékan anu mikabutuh Jawaban anu tangtu, (2) wawancara terbuka, nyaéta wawancara anu dilakukeun ku panalungtik kalawan ngajukeun patalékan anu jawabanana teu kawatesanan (3) wawancara tertutup jeung terbuka, nyaéta gabungan wawancara kahiji jeung kadua. Dina ieu panalungtikan, jenis wawancara anu dipaké pikeun nanya ka informan ngeunaan hal anu patali jeung semiotik tur étnopédagogik nu aya dina kasenian kuda rénggong katut informasi penting anu bisa ngeuyeuban hal anu ditalungtik, nyaéta wawancara tertutup jeung terbuka. Kalawan tinimbangan panalungtik bisa leuwih fléksibel dina ngaguar informasi sarta bisa leuwih euyeub deui informasi anu baris dipaluruh.

3) Téknik Studi Pustaka

Studi pustaka atawa studi dokumen dilakukeun ku cara ngulik dokumén-dokumén anu patali jeung topik panalungtikan (Hikmawati, 2020, kc. 84). Dokumén anu dimaksud bisa mangrupa surat, arsip foto, notulén rapat, jurnal, buku harian, jeung sajabana (Fiantika spk., 2022, kc. 22). Ieu téhnik digunakeun pikeun ngeuyeuban, ngalengkepan, atawa nguatkeun data anu dicangking ngaliwatan dua téknik séjenna, nyaéta téknik observasi partisipan jeung téknik wawancara.

Cindekna, ieu panalungtikan ngadumaniskeun tilu téhnik anu dipedar di luhur dina raraga nyangking data anu gembleng. Éta tilu téknik anu dipaké dipiharep bisa silih lengkepan sangkan bisa ngajawab rumusan panalungtikan.

3.3.2 Téknik Analisis Data

Analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis transkrip, catetan lapangan, jeung matéri séjén nu dikumpulkeun ku panalungtik pikeun manggihan hiji jawaban tina rumusan masalah (Fiantika spk., 2022). Analisis data

dilakukeun ku cara ngaorganisasikeun data, ngajabarkeun kana unit-unit analisis, ngalakukeun sintésa, nyusun kana pola, milih jeung milah antara nu penting nu baris diulik pikeun nyieun hiji kacindekan (Sugiyono, 2011, kc. 334).

Léngkah-léngkah dina ngolah data anu dilakukeun téh nyaéta saperti anu dijelaskeun di handap.

- 1) Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun katégori data dumasar kana instrumén luyu jeung tiori anu dipaké;
- 3) nganalisis, méré interprétasi, jeung ngaranjing-ranjing unsur semiotik dina kasenian kuda rénggong;
- 4) nganalisis, méré interprétasi, jeung ngaranjing-ranjing unsur étnopédagogik dina kasenian kuda rénggong; jeung
- 5) nyusun kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan kabagi kana dua, nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data.

3.1.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumen panalungtikan téh nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik supaya kagiatan ngumpulkeun data jadi leuwih gampang jeung hasilna leuwih optimal (Abubakar, 2021, kc. 117). Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Instrumén kartu data digunakeun sangkan panalungtik babari milih data tina sumber data nu baris ditalungtik.

Dina panalungtikan kualitatif, instrumén utamana téh nyaéta panalungtikna sorangan (Abubakar, 2021, kc. 119). Maksudna, dina ieu kontéks panalungtikan, panalungtik miboga peran langsung ngagunakeun kamampuh, pangalaman, jeung sénsitifitasna pikeun ngalakukeun observasi jeung nafsirkeun data. Lambar catetan jeung rékaman dipaké nalika prosés ngumpulkeun data. Ieu hal dilakukeun pikeun mantuan panalungtik dina prosés nganalisis data.

Nalika wawancara, panalungtik nyatet, moto, jeung midéo naon waé unsur semiotik jeung ajén étnopédagogik anu kapanggih dina prak-prakan pagelaran kasenian kuda rénggong salaku data pikeun dianalisis. Ieu hal dilakukeun sangkan

bisa méré gambaran sacara gembleng ngeunaan prosés pagelaran seni kuda rénggong ti mimiti tatahar, prosési pagelaran, nepi ka réngséna pagelaran. Dina prosés analisis, data nu geus kapanggih dipasing-pasing kana tabél klasifikasi nu disusun sacara alfabétis.

Anapon instrumén anu baris dipaké dina ieu panalungtikan kabagi kana intrumén wawancara ka palaku seni jeung instrumén wawancara ka masarakat. Instrumén anu dipaké kagambar tina Tabél 3.1 jeung 3.2

Tabél 3. 3 Instrumén Wawancara ka Palaku Seni

No	Rumusan	Patalékan
1	Idéntitas Informan	1. Wasta: 2. Wanda Baga: 3. Tempat, ping gumelar: 4. Alamat: 5. Atikan: 6. Agama: 7. Pakasaban: 8. Kalungguhan:
2	Sajarah	9. Saha anu nyiptakeun kasenian kuda rénggong téh? 10. Ti iraha kasenian kuda rénggong téh ayana? 11. Kumaha sajarahna kasenian kuda rénggong aya di Buahdua? 12. Naha dinamian kuda rénggong? Aya dongéng nu sumebar di masarakatna? 13. Dina acara naon waé kasenian kuda rénggong dipintonkeun? 14. Kumaha kaayaan kasenian kuda rénggong kiwari? 15. Kumaha carana supaya kasenian kuda rénggong téh tetep aya jeung kajaga eksistensina, hususna di Buahdua, Sumedang? 16. Naon anu ngabédakeun kasenian kuda rénggong di dieu jeung di tempat séjén? 17. Naon nami komunitas atawa paguyuban kasenian kuda rénggong ti dieu? 18. Ti iraha ayana komunitas téh? Sareng saha sesepuhna?
3	Prak-prakan	19. Sateuacan kasenian kuda rénggong dipintonkeun, naha aya persiapan atawa ritual husus anu dilakukeun? 20. Kumaha jalanna kasenian kuda rénggong (sateuacanna, nalika lumangsung, jeung saatosna)?

Yeni Herlina, 2025

KASENIAN KUDA RÉNGGONG DI KABUPATEN SUMEDANG (Ulukan Sémiotik jeung Étnopédagogik)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Rumusan	Patalékan
		21. Aya gerakan naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong téh? 22. Aya jampé naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong téh? 23. Kumaha waé prak-prakan dina ngalatih kuda rénggong? 24. Naon fungsi atanapi ma'na tina alat-alat nu dianggo? 25. Pakakas kasenian naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong? 26. Naon fungsi atawa makna tina pakakas anu dipaké ku kuda? 27. Waditra naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong? 28. Kumaha sajarah jeung ma'na waditra anu dipaké? 29. Pamaén kasenian kuda rénggong sok make raksukan husus teu? Kumaha bentuk raksukanana? 30. Ti mimiti ayana kasenian kuda rénggong, naha aya parobahan boh dina waditra boh dina raksuka? 31. Pikeun mintonkeun kasenian kuda rénggong, sabaraha jalmi anu diperlukeun? 32. Naha dipirig ku lagu atawa henteu? 33. Saha waé anu bisa ngiringan dina kasenian kuda rénggong? 34. Dina pintonan, naha aya prosés latihan? 35. Naha caturangga dilarapkeun ogé kana kuda nu sok dipaké ngarénggong?
4	Pungsi Kasenian	36. Naon fungsi umum tina kasenian kuda rénggong kiwari? 37. Naha aya parobahan fungsi antara pagelaran kuda rénggong bihari jeung kuda rénggong kiwari?
5	Semiotik	38. Dina kasenian kuda rénggong, naha aya tanda-tanda anu patali jeung kahirupan masarakat? Sapertos dina pakakas kasenian, raksukan, jeung gerakanana? 39. Unsur atawa pakakas naon waé anu dipaké pikeun méré ma'na tanda anu aya dina kasenian kuda rénggong?
6	étnopédagogi	40. Aya ajén naon waé anu nyangkaruk tina kasenian kuda rénggong? 41. Aspék picontoeun naon baé anu bisa dicangking tina pagelaran kasenian kuda rénggong?

Tabél 3. 4 Instrumén Wawancara ka Masarakat

No	Rumusan	Patalékan
1	Idéntitas Informan	1. Wasta: 2. Wanda Baga: 3. Tempat, ping gumelar: 4. Alamat: 5. Atikan: 6. Agama: 7. Pakasaban: 8. Kalungguhan:
2	Sajarah	9. Iraha sadérék mimiti ningali pagelaran kuda rénggong? 10. Di mana Sadérék mimiti ningali pagelaran kuda rénggong? 11. Dina acara naon waé kasenian kuda rénggong dipintonkeun? 12. Kumaha kaayaan kasenian kuda rénggong ayeuna? 13. Kumaha tarékah sangkan kasenian kuda rénggong téh tetep aya jeung kajaga éksisténsina, hususna di Buahdua, Sumedang? 14. Naon anu ngabédakeun kasenian kuda rénggong di dieu jeung di tempat séjén?
3	Prak-prakan	15. Sateuacan kasenian kuda rénggong dipintonkeun, naha aya persiapan atawa ritual husus anu dilakukeun? 16. Kumaha prak-prakan kasenian kuda rénggong (sateuacanna, nalika lumangsung, jeung saatosna)? 17. Aya gerakan naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong? 18. Aya jampé naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong? 19. Pakakas kasenian naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong? 20. Waditra naon waé anu dipaké dina kasenian kuda rénggong? 21. Pamaén kasenian kuda rénggong sok maké raksukan husus teu? Kumaha rupa raksukanana? 22. Ti mimiti nyaksian pagelaran kasenian kuda rénggong, naha aya parobahan boh dina waditra boh dina raksukan? 23. Naha dipirig ku lagu atawa henteu? 24. Saha waé anu bisa ngiringan dina kasenian kuda rénggong?
4	Pungsi Kasenian	25. Naon punksi umum tina kasenian kuda rénggong kiwari sareng bihari?

No	Rumusan	Patalékan
		26. Dina acara naon waé kasenian kuda rénggong sok dipintonkeun? 27. Naha dina éta acara sok dipintonkeun kasenian kuda rénggong?
5	Semiotik	28. Dina kasenian kuda rénggong, naha aya tanda-tanda anu patali jeung kahirupan masarakat? Sapertos dina pakakas kasenian, raksukan, jeung gerakanana? 29. Unsur atawa pakakas naon waé anu dipaké pikeun ngajelaskeun tanda-tanda anu aya dina kasenian kuda rénggong?
6	étnopédagogi	30. Aya ajén naon waé anu nyangkaruk tina kasenian kuda rénggong? 31. Aspék picontoeun naon baé anu bisa dicangking tina pagelaran kasenian kuda rénggong?

3.1.2 Instrumén Ngolah Data

Data anu mangrupa unsur semiotik jeung étnopédagogik dina kasenian kuda rénggong ti informan satuluyna diklasifikasikeun dumasar kana hasil interprétasi luyu jeung tiori anu digunakeun. Tabél papasingan klasifikasina leuwih jéntré kagambar dina tabél di handap.

Tabél 3. 5 Analisis Sémiotik Peirce

No.	Data	Unsur Sémiotik			Interprétasi
		Ikon	Indéks	Simbol	
1					
2					

Tabél 3. 6 Étnopédagogi Kasundaan

No	Data	Trisilas			Interprétasi
		SAA	SAI	SAU	
1					
2					

Keterangan:

SAA : Silih Asah

SAI : Silih Asih

SAU : Silih Asuh

Tabel 3. 7 Étnopédagogi Kasundaan :Ajén Kamanusaan (Warnaén)

No	Data	Ajén Ajén						Interprétasi
		MMP	MMDP	MMM	MMA	MMW	MMLB	
1								
2								
3								

Keterangan:

MMP : Ajén Manusa ka Pangéran
 MMDP : Ajén Manusa ka Diri Pribadina
 MMM : Ajén Manusa ka Manusa Séjénna
 MMA : Ajén Manusa ka Alam
 MMW : Ajén Manusa ka Waktu
 MMLB : Ajén Manusa dina Nyumponan Kasugemaan Lahir jeung Batin